

DWA w POU ENFÒMASYON SOU SANTE (kontinye)

Dwa w a yon Kontrandi sou Divilgasyon:

Ou gen dwa pou mande yon lis sou divilgasyon nou te fè nan PHI w an. Pou mande yon lis, soumèt yon demann alekri bay Ofisye Konfòmite an Chèf la. Demann ou an dwe endike peryòd tan ki kapab pa plis pase 6 zan epi ki pa ka gen ladann dat anvan 14 avril 2003 la. Yo bay gratis aplikasyon sa a nan yon peryòd 12-mwa. Ou gen dwa gen yon frè pou peye pou demann ki fèt apre nan menm peryòd 12-mwa a. Nou pral enfòm w sou depans ki gen ladann pou ou ka retire oswa chanje demann w an anvan w angaje tout frè yo.

Dwa pou Resewwa yon Notifikasyon nan Ka ta gen yon Vyolasyon:

Ou gen dwa pou resevwa notifikasyon si gen yon vyolasyon nan PHI ou an nan 60 jou apre w dekouvri vyolasyon an. Revizyon sa a ap gen ladann dat vyolasyon an, ak sa ki te pase, kalite enfòmasyon ki te vyole an, yon deskripsyon tou kout sou ankèt la, etap pou ede w pwoteje tèt ou, mezi pou anpeche gen plis vyolasyon, ak kilès pou kontakte pou plis enfòmasyon.

DOLEYANS

Si ou kwè ke nou te vyole dwa sou konfidansyalite w yo, ou ka depoze doleyans ou. Tout doleyans dwe fèt alekri. Nou pa pral pran okenn sanksyon kont ou oswa pote yon doleyans kòm reprezay. Pou pote yon doleyans, kontakte Ofisye Konfòmite an Chèf la. Ou kapab tou pote yon doleyans nan Biwo Depatman Sante an ak Dwa Sivil Sèvis Imen. Enfòmasyon sou kondisyon pou pote yon doleyans, ak fòm ki disponib la nan <http://www.hhs.gov/hipaa/filing-a-complaint/>.

KI SAN DISKRIMINASYON

Lopital Nanticoke Memorial konfòm li ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks.

Nanticoke Memorial Hospital konfòm li ak lwa sou dwa sivil Federal ki aplikab yo epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, enfimite oswa sèks. ATANSYON: Si w pale Kreyòl Ayisyen, gen sèvis èd pou lang ki disponib gratis pou ou. Rele 1-302-629-6611.

Nanticoke Memorial Hospital cumple con las leyes federales de derechos civiles aplicables y no discrimina por motivos de raza, color, nacionalidad, edad, discapacidad o sexo. ATENCIÓN: si habla español, tiene a su disposición servicios gratuitos de asistencia lingüística. Llame al 1-302-629-6611.

Nanticoke Memorial Hospital complies with applicable Federal civil rights laws and does not discriminate on the basis of race, color, national origin, age, disability, or sex.



Avi sou Pratik Konfidansyalite

(Ki Efektif apati Dat: 01/16/2017)

AVI SOU VI PRIVE SA A (« Avi ») DEKRI FASON OU KA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÒMASYON SOU SANTE W AK FASON OU KA JWENN AKSÈ POU ENFÒMASYON SA A.

Nou konprann sante w ak enfòmasyon sou sante w se yon bagay pèsònèl. Nou angaje nou pou pwoteje enfòmasyon sou sante w.

Tanpri, li Avi sa a ak anpil atansyon. *Si w gen kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte Ofisye Konfòmite an Chèf nou an.*

Enfòmasyon Pou Kontak:

Nanticoke Memorial Hospital
Chief Compliance & Risk Officer

801 Middleford Road
Seaford, DE 19973

Telefòn: 1-302-629-6611 ekst. 2472

Lwa nan Nanticoke Memorial Hospital («Lopital») rekòmande pou kenbe an sekre enfòmasyon pèsònèl sante pasyan an («PHI») epi pou bay ou avi sou obligasyon legal nou yo konsènan PHI ou an. Lopital la ak tout anplwaye li yo («Nou») oblije:

- Kenbe PHI ou a an sekre.
- Founi w Avi sou obligasyon legal ak pratik ki sou enfòmasyon vi prive konsènan PHI ou a.
- Respekte tèm sou kondisyon nan avi sa a.
- Enfòm w si nou ka dakò sou yon amannman oswa mande restriksyon sou ki jan pou itilize oswa divilge PHI ou.
- Akomode demann ki rezonab ou fè pou kominike PHI ou a pa mwayen altènatif oswa nan yon kote altènatif.
- Pran pèmasyon w alekri pou itilize oswa divilge, PHI ou a pou lòt rezon apa de pèman, operasyon, voye bòdwo, tretman, ak/oswa kòm otorize anba lalwa.
- Founi w ak yon mekanis ki asèptab pou mande yon amandman nan dosye w.

ÒGANIZE ARANJMAN POU SWEN SANTE

Lopital la ak anplwaye medikal li yo prezante w dokiman sa a kòm yon Avi komen. Lopital la pral pataje enfòmasyon ak founisè swen sante yo tankou sa nesèsè pou egzekite tretman, pèman, ak pwosesis swen sante. Moun ki resevwa swen nan men doktè ki pa konsidere kom anplwaye, ka gen aksè avèk PHI ou a nan biwo yo pou ede revize tretman nan lecase yo ki ka afekte tretman aktyèl yo.

ENFÒMASYON PÈSONÈL SOU SANTE W

PHI ou genyen an nan yon dosye medikal ki se pwopriyete fizik Lopital la. Anjeneral, dosye sa a genyen dyagnostik, sentòm yo, rezilta tès, tretman, kote pou swen alavni oswa tretman, ak enfòmasyon ki gen rapò ak voye bòdwo. Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a aplike nan tout dosye pou swen w nan Lopital la. Doktè pèsònèl ou ka gen règleman diferan oswa avi konsènan itilizasyon doktè a ak divilgasyon nan PHI ou a ki te kreye nan biwo yo oswa klinik doktè a.

TANPRI PRAN NÒT:Lopital la pa reskonsab pou okenn founisè oswa founisè anplwaye ki pa anplwaye ki bay w swen nan lopital la. Doktè pèsònèl ou, enfimye pratik oswa lòt founisè swen ki bay sèvis sante nan lopital la, yo ka oswa yo ka pa anplwaye oswa ajan nan lopital la.

KIJAN NANTICOKE MEMORIAL HOSPITAL KA ITILIZE OSWA DIVILGE ENFÒMASYON SANTE W

Tretman:

Nou kapab divilge PHI ou an pou ofri w tretman medikal oswa sèvis pou moun ki patisipe nan swen w nan lopital la (enfimye, koòdonatè swen ak patisipan Responsab pou Òganizasyon Swen («ACO»). Pa egzanp, yon doktè ki ap trete w pou yon pye kase ka bezwen konnen si ou gen dyabèt paske dyabèt kab ralanti pwosesis gerizon an. Department yo nan Lopital la ka pataje PHI ou a pou kowòdone sèvis ou ka bezwen, tankou preskripsyon, manje, travay laboratwa ak radyografi. Nou ka divilge PHI ou a ak moun ki andeyò lopital la ki bay w swen medikal tankou lòt doktè ak mezon retrèt yo.

Pèman:

Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon sou tretman w pou voye bòdwo ak pou kolekte pèman nan men ou, konpayi asirans ou, oswa yon peyè nan twazyèm pati. Pa egzanp, nou dwe enfòm konpayi asirans ou sou operasyon chirijikal ou pou nou resevwa pèman pou yon entèvansyon chirijikal ki te pèfòme.

Fonksyonman Swen Medikal:

Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sou sante w nan lopital la pou rezon fonksyonman. Itilizasyon ak divilgasyon sa yo ki nesèsè pou asire ke pasyan nou yo resevwa bon jan kalite swen ak sèvis nan pri ki efikas.

Moun ki patisipe nan swen ou:

Nou kapab divilge PHI ou a bay moun ki patisipe nan swen ou tankou manm fanmi oswa zanmi, sof si w mande pou nou pa divilge PHI ou. Nou kapab divilge PHI ou a bay yon moun ki ede peye pou swen w, ak lòt pwofesyonèl sante, reprezantan ki nan gouvènman an oswa òganizasyon soulajman pou dezaz tankou Lakwa Wouj pandan yon ijans oswa yon sityasyon ijans sou dezaz pou yo ka kowòdone efò sekou ijans yo, epi etabli yon fason pou pran kontak avèk fanmi oswa zanmi.

LÒT ITILIZASYON AK DIVILGASYON AK ENFÒMASYON SOU SANTE W

Sèktè ki Garanti Antite:

Nou kapab itilize ak divilge PHI ou a avèk lòt Lopital afilye ki bay tretman, fè fonksyonman swen sante, ak pwosesis pèman.

Sèvis nan Fòs Ame:

Si w se yon veteran oswa manm aktif nan militè, ou ka itilize oswa divilge PHI ou a jan sa nesèsè nan Sèvis Fòs Ame an.

LÒT ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON AK ENFÒMASYON POU SANTE W (kontinye)

Asosye Biznis ki nan lopital la:

Asosye biznis yo ofri sèvis nan lopital la atravè kontra. Anplwaye nan konpayi sa yo ki pa anplwaye lopital la. Lè yo siyen sèvis pou kontra, nou ka divilge PHI ou bay Asosye Biznis nou an pou yo ka fè travay la nou te mande pou yo fè a. Tout patnè dakò aplike alekri pwoteksyon ki apwopriye pou pwoteje enfòmasyon prive ki nan PHI ou nan akò ak egzijans ki sou vi prive yo.

Kontakte W pou Enfòmasyon:

Nou ka sèvi ak PHI ou an pou voye ba w rapèl pou randevou, enfòmasyon pou lòt tretman oswa lòt benefis swen sante ki gen rapò ak sèvis ki ta ka enterese w.

Investigatè Lamò ak Direktè Ponp Finèb:

Nou kapab divilge PHI la ak yon investigatè lamò oswa egzaminatè medikal pou idantifye yon moun ki mouri, detèmine kòz lanmò an, oswa pèmèt envestigatè lamò an akonpli obligasyon legal yo. Nou ka divilge enfòmasyon bay yon Direktè Ponp Finèb.

Fasilite Koreksyonèl pou Prizonye:

Si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa ou se yon prizonye ki anba siveyans yon ofisye ki fè respekte lalwa, nou kapab divilge PHI ou an nan enstitisyon koreksyonèl oswa bay ofisyèl ki fè respekte lalwa a.

Anyè:

Nou kenbe nan anyè lopital la yon lis ki gen non w, nimewo chamb ou, ak afilyasyon relijye w. Nou kapab divilge enfòmasyon sa a, eksepte pou afilyasyon relijye w, pou lòt moun ki mande pou ou espesyalman pa non w. Anyè a kapab bay enfòmasyon a responsab legliz yo oswa reprezantan l yo. Ou ka mete restriksyon sou enfòmasyon sa a nan moman admisyon an.

Aktivite pou Ranmase Lajan:

Fondasyon Sèvis Sante Nanticoke la kapab itilize sèlman yon ti kras enfòmasyon demografik (non ak adrès) pou mande sipò pou lopital la. Si w ta vle pou yo retire w nan solisitasyon sa a, tanpri kontakte Ofisye Konfòmite an Chèf la alekri.

Fonksyon Gouvènman / Sekirite Nasyonal:

Ou ka itilize PHI ou an oswa divilge l pou fonksyon gouvènman espesifik tankou pwoteksyon nan piblik ofisyèl yo, envestigasyon, pwosedi sivil oswa kriminèl, oswa mezi sekirite lalwa otorize.

Enfòmasyon sou Echanj Sante («HIE»):

Nou patisipe nan HIE yo pou fasilite yon echanj ki sekirize nan enfòmasyon elektwonik sou sante w pou tretman, peman, oswa lòt operasyon swen sante. Nou ka pataje enfòmasyon avèk òganizasyon deyò tankou lòt lopital, famasi, biwo doktè oswa lòt HIEs.

Echanj Enfòmasyon sou Sante (kontinye):

Nou patisipe nan Rezo Delaware pou Enfòmasyon sou Sante («DHIN») ak CommonWell HIE. Patisipasyon HIE pèmèt nou fè echanj.enfòmasyon pou nou ka bay pi bon tretman ak kowòdinasyon pou swen sante. Ou gen dwa pou refize pataje enfòmasyon w nan HIEs. Si w pa vle pèmèt doktè, enfimiyè, ak moun ki otorize yo pou ba w swen, patisipe pou pataje sou fòm elektwonik PHI ou a ak youn ak lòt, ou kapab pa patisipe lè w konplete yon Fòm ki pa nan-Patisipasyon an. Enfòmasyon konsènan DHIN lan disponib nan www.DHIN.org/consumer. Enfòmasyon konsènan CommonWell lan disponib sou demann pandan sejou ou nan Lopital la oswa lè w kontakte Ofisye Konfòmite an Chèf la.

Aplikasyon Lalwa:

Nou ka divilge PHI ou a pou n reponn ak yon lòd tribinal, manda, oswa pwosesis similè ki otorize dapre lwa leta oswa lwa federal la. Nou ka divilge PHI ou a pou idantifye oswa jwenn yon sospèk, yon fijitif, temwen, oswa yon moun ki manke, oswa pou jwenn enfòmasyon sou yon viktim nan yon krim oswa ki gen konduit kriminèl nan lokal yo. Nou kapab divilge PHI ou a nan sikonstans ijans, rapòte yon krim, kote yon krim te fèt, viktim, oswa idantite an oswa dekri lokalite kote moun nan komèt krim lan.

Pwosedi Legal Lalwa Egziye:

Nou kapab divilge PHI ou a nan kad pou nenpòt pwosedi jidisyè oswa administratif oswa an repons ak yon tribinal oswa yon lòd administratif. Nou kapab divilge PHI la an repons a yon manda, rekèt yo dekouvri, rapò nan echèk ki pwodwi, sonje, Sant pou Medicare & Medicaid Sèvis («CMS»), Doktè Revizyon Òganizasyon («PRO»), oswa Depatman Sante ak Sèvis Imen Biwo pou Dwa Sivil («OCR»).

Ògàn/Donasyon Tisi:

Nou ka divilge PHI ou an pou kadav oswa ògàn, zye, ak bi donasyon tisi.

Aktivite sou Sekirite ak Sante Piblik:

Nou kapab divilge PHI la lè sa nesèsè pou anpeche yon gwo menas kont sante w ak sekirite w oswa sante ak pwoteksyon lòt moun, tankou nan bi pou anpeche oswa kontwole maladi, elatriye. Nou ka divilge PHI ak moun ki anba jiridiksyon ki nan Administrasyon Kontwòl Manje ak Medikaman nan bi pou sekirite oswa efikasite pwodui, ak pou rapòte nesans, lanmò oswa lòt aktivite sipèvizyon sante ki gen ladann odit, enspeksyon ak apwobasyon. Nou kapab divilge PHI ou an pou rapòte abi oswa negliijans sou timoun, granmoun, adilt ki depandan oswa pou rapòte vyolans domestik.

Rechèch:

Nou ka itilize oswa divilge PHI ou an pou fè rechèch si yon Revizyon Enstitisyonèl ta apwouve oswa yon Komisyon Konsèy sou enfòmasyon prive asire ke l te pran mezi apwopriye pou pwoteje an sekèrè PHI lan.

Fè Fòmasyon Anplwaye ak Elèv yo:

Nou ka divilge PHI ou an pou n fè fòmasyon anplwaye ak elèv yo.

Konpansasyon pou Travayè yo:

N ap divilge PHI ou an pou nou konfòme ak lwa epi règleman pou konpansasyon travayè.

LÒT ITILIZASYON NAN PHI

Li obligatwa pou mande yon pèmisyon alekri pou pifò itilizasyon ak divilgasyon sou nòt sikoterapi yo; Pou sèvi ak PHI pou rezon marketing; ak divilgasyon ki konstitye vant nan PHI lan. Si w bay pèmisyon pou divilge PHI ou an, ou ka revoke pèmisyon ou a nenpòt ki lè epi nou pa pral divilge PHI ou a ankò pou rezon ki kouvri nan otorizasyon ou gen alekri a. Ou dwe anile pèmisyon alekri w lan pou bay Ofisye Konfòmite an Chèf la.

Obligasyon pou Itilizasyon ak Divilgasyon yo:

Dapre lwa a, yo dwe fè divilgasyon sou demann ou sof si gen yon kontradiksyon medikal, ak lè sa nesèsè pa Sekretè nan Depatman Sante ak Sèvis Imen pou mennen ankèt oswa detèmine konfòmite avèk Transparans Enfòmasyon sou Sante ak Lwa Responsablite («HIPAA»).

Ki pa Divilgasyon:

Li nan pratik nou pou divilge enfòmasyon bay plan asirans sante w pou jwenn apwobasyon davans nan pwoteksyon ak pou pèman sèvis yo. Si w vle mete restriksyon sou atik oswa sèvis bay plan asirans sante w ou dwe fè nou konnen davans, epi ou dwe konfime demann lan alekri.

Mande Restriksyon:

Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa limitasyon sou PHI nou itilize oswa divilge pou tretman w lan, pèman oswa operasyon swen sante w la. Nou pa oblije aksepte demann ou, sof si demann lan se pou yon restriksyon oswa divilgasyon nan yon plan sante pou sèvis ke ou peye ak kòb ki soti anplen nan pòch ou. Nan ka sa a, nou ka oblije aksepte aplikasyon ou si gen yon satisfaksyon ak sèten lòt kondisyon, tankou yon ijans. Ou dwe notifye Anrejistreman pou tout restriksyon oswa divilgasyon nan yon plan sante, lè w fè pèman poukont ou pou sèvis sa yo.

LÒT PWOTEKSYON SOU ENFÒMASYON POU SANTE PÈSONÈL W

Yo aplike lwa espesyal nan eta ak federal la pou kalite yo ki espesifik nan PHI la. Pa egzanp, yo ka aplike pwoteksyon pou enfòmasyon sou maladi transmisib seksyèlman, tretman dwòg ak abi alkòl, enfòmasyon jenetik ak dosye enfòmasyon sou VIH/SIDA. Lè lalwa egzije sa, nou dwe gen pèmisyon ou anvan nou pibliye enfòmasyon sa yo.

AKSESWA POU DIVILGASYON

Pandan ke nou pran mezi rezonab pou pwoteje an sekèrè PHI ou a, sèten divilgasyon nan PHI ou a ka rive pandan oswa kòm yon rezilta inevitab nan sèvis otreman akseptab nou an oswa divilgasyon PHI ou a, pa egzanp, pandan tretman, lòt pasyan ki nan zòn kote tretman ye an, ka wè oswa tande diskisyon sou enfòmasyon sante w.

DWA OU GENYEN POU JWENN ENFÒMASYON SANTE

Pou w egzèse nenpòt nan dwa sa yo, tanpri mande Ofisye Konfòmite an Chèf la pou yon fòm epi soumèt demann ou alekri.

Dwa pou enspekte ak kopye:

Avèk kèk esepsyon, ou gen dwa pou enspekte ak jwenn yon kopi PHI ou a ki konsève nan dosye medikal ou nan lopital ou deziyen an. Si enfòmasyon sa yo konsève sou fòm elektwonik ou gen dwa pou yon kopi nan fòm elektwonik si l kab pwodui fasilman. Nanticoke kapab fè ou peye yon frè pou yon kopi nan dosye sante ki enkli ladann frè ki asosye ak mendèv nou, voye pa lapòs oswa lòt pwovizyon yo. Nan sèten sikonstans limite, nou ka refize demann ou an. Si nou ta refize w, ou ka mande yon revizyon sou refi a.

Amandman Dosye w:

Si ou kwè ke enfòmasyon nou genyen nan dosye sou sante w la, enkorèk oswa enkonplè, ou gen dwa pou mande pou nou fè amandman sou enfòmasyon ki egziste déjà a. Ou dwe voye demann lan bay Ofisye Konfòmite an Chèf la ak rezon (yo) pou demann lan alekri. N ap voye yon notifikasyon alekri si nou ta refize demann ou an. Ou gen dwa pou soumèt yon deklarasyon alekri si ou pa ta dakò ak refi a, ki pral ajoute oswa ki gen rapò ak enfòmasyon konsènan sante w la. Si w ta mande nou pou chanje dosye w la paske ou kwè ou se yon viktim vòl idantite medikal, nou pral sèvi ak efò rezonab pou ede w fè koreksyon nan dosye w ki jije li apwopriye nan sikonstans yo.

Demann pou Kominikasyon Konfidansyèl:

Ou gen dwa pou mande pou resevwa kominikasyon sou PHI ou a nan lòt mwayen ki altènatif oswa nan yon kote altènatif. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w nan travay ou oswa pa lapòs ki soti nan Ozetazini. Ou dwe fè demann lan alekri epi mete ladann yon adrès lapòs kote ou resevwa bòdwo oswa korespondans konsènan pèman pou sèvis nou ofri yo. Nou rezève tout dwa pou nou kontakte ou pa lòt mwayen oswa nan lòt lokasyon si w echwe pou reponn kominikasyon nan lopital la ki egzije pou yon repons.

Yon kopi sou papye nan Avi sa a:

Ou gen dwa pou genyen yon kopi sou papye pou Avi sa a. Ou ka mande nou pou yon kopi sou papye nenpòt ki lè. Si ou te dakò pou resevwa Avi sa a sou fòm elektwonik, ou ka toujou mande yon kopi sou papye nan nenpòt ki lè.

Afich pou Chanjman nan Avi sa a:

Nou pral afiche Avi sa a nan lopital la ak sou entènèt lan nan <http://www.nanticoke.org/privacy-policy> nan dat k ap efektif la. Nou rezève tout dwa pou chanje Avi sa a. N ap gen yon kopi aktyèl pou nou bay nouvo pasyan ak pasyan ki etabli yo apre yon revizyon.